

Gwoup Travay sou Antisemitism ak sou Islamofobi

21 Desanm 2023

Chè kominote inivèsite,

27 Novanm pase a, mwen te anonse plizyè mezi ki te gen pou pran pou ede Inivèsite Maryland lan gen yon kominote ki sekirize epi ki san patipri, ansanm ak kreyasyon yon Gwoup Travay sou Antisemitism ak sou Islamofobi ki Asosye ak Prezidans ak Sena Inivèsite a.

Se ak yon kè kontan m ap anonse nou manm ki fòme gwoup travay enpòtan sa a ki gen ladan l etidyan, pwofesè ak manm pèsònèl, kolèg ki sou kanpis la nome. Ap genyen de gwo inivèsite pou dirije gwoup travay la: Maxine Grossman, Pwofesè Asosye ak Direktè Pwogram Joseph and Rebecca Meyerhoff ak Center for Jewish Studies (Sant Etid Juif), epi Shibley Telhami, Pwofesè Anwar Sadat pou Lapè ak Devlopman, Chèchè-Pwofesè renome. W ap jwenn lis konplè manm yo pi ba a.

Misyon yo genyen an alafwa anbisye epi esansyèl. Evènman ki pase nan Mwayen Oryan dènye jou sa yo kontribye malerezman nan ogmantasyon kantite ensidan vyolan k ap fèt nan peyi a kont gwoup relijye yo, nasyonal yo ak sila ki gen menm zansèt yo. Kòm nou konnen enpòtan sa genyen pou n favorize yon anviwònman ki gen divèsite, ekite epi ki san patipri epi konbat diskriminasyon ak asèlman ilegal yo, Gwoup Travay sou Antisemitism ak sou Islamofobi ki Asosye ak Prezidans ak Sena Inivèsite a ap egzamine politik ak pratik inivèsite a ki aplikab yo pou idantifye nan ki domèn yo ka pote amelyorasyon. Gwoup travay la ap pwopoze estrateji k ap kapab reyalize, pou l rezoud oswa diminye pwochen ensidan sou antisemitism ak sou Islamofobi ki baze sou prejije rasis.

Nan lide pou n kontribye nan kreyasyon yon kominote inivèsite ki akeyan, kote respè youn pou lòt ap renye epi ki san patipri, gwoup travay la gen kòm objektif pou l (i) konprann koz ensidan antisemit ak islamofòb yo, (ii) evalye efikasite mezi prevansyon ki la deja yo epi (iii) pwopoze nouvo inisyativ k ap favorize konpreyansyon, dyalòg ak soutyen. Tout sa dwe fèt nan kad lejislasyon ki aplikab la epi li dwe konfòm avè l.


Gwoup travay la gen pou devwa konsilte manm kominote inivèsite a, responsab etidyan yo ak responsab relijye kanpis la tankou Raben Ari Israel nan UMD Hillel, Raben Eli Backman nan UMD Chabad, Imam Tarif Shraim nan Center for Muslim Life (Sant pou Lavi Mizilman yo) ak Pè Conrad Murphy nan UMD Catholic Student Center (Sant pou Etidyan Katolik). Gwoup travay la gen pou devwa tou pou l konsilte espesyalis nan domèn antisemitism, islamofobi, politik Mwayen Oryan, sekirite sou kanpis la, doktrin jiridik ak pi bon pratik nan edikasyon. Anplis,

gwoup travay la dwe egzamine ansyen travay ki te fèt deja yo ansanm ak rezilta yo jwenn nan kad rechèch la sou Enklizyon ak Respè.

Gwoup travay la ap kòmanse travay li an janvye, l ap gen pou l bay rapò regilyèman ak yon rapò final nan administrasyon inivèsite a jou k ap 30 jwen 2024 la, rapò sa dwe gen ladan l rezilta li jwenn yo, rekòmandasyon l yo ak yon plan aksyon li pwopoze.

Tanpri ede m remèsye davans manm gwoup travay sa pou angajman yo nan rayalizasyon yon travay esansyèl konsa.

Sensèman,



Darryll J. Pines

Prezidan, Inivèsite Maryland, College Park

Li/Li/Li

**Gwoup Travay sou Antisemitis ak sou Islamofobi ki Asosye ak Prezidans ak Sena
Inivèsite a**

Gwoup travay sa gen ladan l divès reprezantan nan kominote inivèsitè a, etidyan, pwofesè, manm pèsonèl ak administratè ki vin avèk yon pakèt ide, tankou moun ki pa gen menm orijin relijye yo, menm kilti elatriye, yon fason pou garanti yon apwòch ki jeneral ki san patipri k ap rezoud pwoblèm antisemitis ak islamofobi sou kanpis la.

James Bond, Direktè, Office of Student Conduct (Biwo ki Jere Konpòtman Etidyan yo)

Kemi Abdulrasaq Busari, Etidyan Doktoran nan Merrill College of Journalism (Lekòl Jounalis Merrill)

Stephanie Chang, Vis Prezidan Adjwen Biwo Divèsite ak Enklizyon

Emily Devore, Etidyan nan nivo lisans nan School of Public Policy (Lekòl Politik Piblik)

Jen Gartner, Konseye Jeneral Adjwen Biwo Konsèy Jeneral

Adam Ghannoum, Etidyan nan nivo lisans nan College of Information Studies (Lekòl pou Etid Enfòmasyon) ak nan Robert H. Smith School of Business (Lekòl Antreprenarya Robert H. Smith); Prezidan Muslim Student Association (Asosiyasyon Etidyan Mizilman yo)

Hassan Ibrahim, Pwofesè Klinik nan Robert H. Smith School of Business

Reni Kaza, Etidyan nan nivo lisans nan College of Computer, Mathematical and Natural Sciences (Inivèsite Syans Natirèl, Matematik, ak Enfòmatrik)

Doron Levy, Pwofesè ak Prezidan nan College of Computer, Mathematical and Natural Sciences

Sahar Mohammed Khamis, Pwofesè Asosye nan College of Arts and Humanities (Lekòl Atizana ak Lèt)

Arie Kruglanski, Pwofesè Inivèsite Renome nan College of Behavioral and Social Sciences (Inivèsite Syans Konpòtmantal ak Sosyal)

Major Michael Leadbeter, Kòmandan Biwo Sèvis Soutyen yo nan Depatman Sekirite Piblik

Yelena Luckert, Direktè Rechèch, Anseyman ak Aprantisaj nan Bibliyotèk Inivèsite

Keira Martone, Direktè Asosye nan Biwo Lavi Rezidansyèl

James McShay, Vis Prezidan Adjwen pou Angajman, Divizyon Afè Etidyan (Division of Student Affairs)

Ana Ndumu, Asistan Pwofesè nan College of Information Studies

Ayala Nuriely-Kimel, Kowòdonatè Pwogram nan nivo lisans yo nan College of Information Studies

Korey Rothman, Mèt Konferans ak Direktè Civicus nan College of Behavioral and Social Sciences

Daniel Satterthwaite, Etidyan Doktoran nan College of Behavioral and Social Sciences

Stone Schwartz, Etidyan nan nivo lisans nan A. James Clark School of Engineering (Lekòl Enjenyè A. James Clark); Prezidan Jewish Student Union (Inyon Etidyan Juif yo)

Yasmeen Farooqi Shah, Pwofesè nan College of Behavioral and Social Sciences

Imaan Shikoh, Etidyan nan nivo lisans nan School of Public Policy

Saul Sosnowski, Pwofesè nan College of Arts and Humanities

Peter Wein, Pwofesè nan College of Arts and Humanities

Zeena Zakharia, Asistan Pwofesè nan College of Education (Lekòl Nòmàl)